ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПІЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№9 (24.135) ● 2021 гъэм щІышылэм (январым) и 28, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІУЭКІУЭ Казбек: Лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ щагъэзащІэкІэ Іуэхум зэфІэмыкІыныгъэхэр къыхэкІ хъунукъым. Нэхъ жыджэру лэжьэн хуейщ!

«Мы илъэсым и проектхэмрэ программэхэмрэ нэхъ жыджэру делэжьын хуейщ!» - «муниципальнэ сыхьэтыр» кІуэцІыІэ Казбек апхуэдэу дыгъуасэ захуигъэзащ къалэ округхэмрэ муниципальнэ щІыналъэхэмрэ я унафэщІхэм.

ЗЭЩІЩІЭР Іуэхугъуэ нэхъыщхьитІым теухуауэ щытащ: республикэм щыщыІэ эпидемиологие щытыкІэмрэ лъэпкъ проектхэмрэ программэхэмрэ гъэзэщІэным ехьэлІа Іуэхумрэ. Зэхуэсым хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий, абы и кІуэдзэкэр, министерствэхэм, муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэр.

Республикэм и эпидемиологие щытыкІэм щытепсэлъыхьым зэІущІэм къызэрыщыхагъэщащи, иужьрей махуипщІым хощІ коронавирус зэуэІахэм, сымаджэщхэм гъэгъуэлъын хуейуэ къалъытэхэм, нэгъуэщІу жыпІэмэ узыр ику ИТУ е нэхъ хьэлъэу зыпкърыкІхэм я бжыгъэм. Мы зэманым сымаджэщхэм щІэлъыжыр цыху 1042-рэщ, махуипщІкІэ узэІэбэкІыжмэ, абыхэм я бжыгъэр 1445-рэ хъуэу щытащ. Абы къыхэкІыу коронавирус зыпкърытхэм щеІэзэ госпиталитІым сымаджэхэр ягъэгъуэлъыжыркъым - Къалэ клиникэ сымаджэщ №2-мрэ Республикэ сабий клиникэ сымаджэщымрэ. А Іуэхущ Іапхэм иджыри сымаджэ 211-рэ щІэлъщ, ахэр щІатхыкІыжмэ, сымаджэщитІри нэхъапэм зытета мардэм техьэжьнурэ щхьэж и унэтІныныгъэм ехьэлІа медицинэ дэІэпыкъунныгъэ республикэм щыпсэухэм ирату я лэжьыгъэм пащэжьнущ.

Эпидемиологие щытыкІэр ефІэкІуэныр адэкІэ епхауэ щытынущ цІыхухэм мастэхэр яхэлъхьэным. Іэтащхьэм жиІащ вакцинэ куэд къыхуащэну зэрыпэплъэр икІи республикэм щыпсэухэм мастэхэр яхэІуным хуэунатІа лэжьыгъэр псынщІэу, зэщІэгъэуІуауэ егъэкІуэкІын зэрыхуейри къыхигъэщащ.

Мусуков Алий жиІащ лъэпкъ проектхэр гъэзэщІэным яужь зэрихьар, абы теухуа дэфтэрхэр зэфІэгъэхьэныр йокІуэкІ, муниципалитетхэм лэжьыгъэм теКІуэдэну мылькур яІэрыхьащ. «Къэув кІалэнхэр гъэзэщІэным хуэгъэза лэжьыгъэр щІэдгъэхуэбжьэнущ», - къыхигъэщащ абы.

КІуэкІуэ Казбек хэхауэ къытеувыІащ муниципалитетхэм я Іэтащхьэхэм я лэжьыгъэм щыщ Іыхьэ щхьэхуэхэм икІи къыхигъэщащ я унафэ зыпхъэль щІыпІэм щыІэ щытыкІэмкІэ нэсу жэуап зэрахьыр. Къапщтэмэ, абы жиІащ: «Республикэм лэжьыгъэшхуэ щокІуэкІ, сом мелардхэр хахлъхьэу, проектышхуэхэр щагъэзащІэ. ИкІи цІыхухэм ялъагъу дэнэ деж лэжьыгъэхэр фІагъ хэлъу щагъэкІуэкІми и пІалъэм щатми. Муниципалитетхэм я унафэщІхэр нэхъ жыджэру хэтыпхъэщ объектхэр щаткІэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм, абыхэм я фІагъым кІэлъыплъыпхъэщ икІи щымыарэзы къыхэкІмэ, ахэри жаІапхъэщ. Лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ щагъэзащІэкІэ, лэжьыгъэр щызэблэу ди деж щыІэкъым, 2020 гъэр гугъуу щытами, ехъулІэныгъэфІхэр абыхэмкІэ къэтхьащ икІи дэ адэкІэ докІуэтэ. Къэбгъэхъу хьунукъым Іуэхум къыхамылъыта гуэркхэм я зэранкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал властым, цІыху куэдым, абыхэм ухуэныгъэм, гъуэгу зыщІхэм, транспортым, цІыхухэр псэун папщІэ зыхуэныкъуэхэр къызэзыгъэпэщ нэгъуэщІ Іэнатіэхэм зэфІагъэкІ лэжьыгъэшхуэм мыхьэнэ гуэри имыІэжу къыщІрагъэдзыныр. Ныкъуэ саныгъэ зэрыщыІэм теухуа хъыбар къыдІэрыхьамэ, Іуэхур щекІуэкІ щыпІэм фыкІуи, ар вгъэзэкІуэж икІи цІыхухэр щыгъуазэ фщІы зэфІэмыкъэныгъэхэр лъэныкъуэ зэрегъэзам».

«Дэ мы республикэм дыщопсэу, мы щым дыщызокІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрызэрагъэпэщэрэ илъэси 100 зэрырикъур 2022 гъэм дгъэлъэпІэнущ икІи абы къыхэкІыу нэхъ жыджэру, ныкъуэсаныгъэрэ щыуагъэрэ къэмыхъуу дылэжьэн хуейщ. Ди республикэм и илъэсищэм зэрыхуэфащэнкІэдыІущІэн хуейщ», - жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм «муниципальнэ сыхьэтыр» щызэхуищІыкІ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Волонтёр жыджэрхэр «Урысей зэкъуэтым» егъэлъапІэ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ «Урысей зэкъуэтым» къызэрыгъэпэща ЕтІуанэ социальнэ онлайн зэхуэсым. Абы и лэжьыгъэм кърашэлІат партым и волонтёр центр псоми я лІыкІуэхэр.

ПАРТЫМ и унафэщІ Медведев Дмитрий зэхилъхьажащ дунейм псор пандемием щыпэщІэт лъэхъэнэм Урысейм и волонтёрхэм я лэжьыгъэм кьрикІуахэр икІи щІыналъэхэр къыхуиджащ икъуэкІэ зыхуэныкъуэ, Іуэку куэдкІэ къащхьэпэ волонтёр зэщІэхъеенныгъэр адэкІи дагъэныну. «ЗэфІэдгъэкІ лэжьыгъэм ІуэхуфІхэр кьрокІуэ, ауэ уигу загъэу утыеСыжыну иджыри пасэщ. Абы къыхэкІыу дэ ди къаурри зэфІэкІри худоунэтІ цІыхухэм защІэдгъэкъуэным», - жиІащ Медведев Дмитрий. Унафэщ Іым волонтёрхэми абыхэм ирагъэкІуэкІ Іуэхухэм жыджэру хэта цІыхухэми фІыщІэ яхуищІащ.

Пандемием зэрыщІидзэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ волонтёрищэхэр хэтащ дэІэпыкъуэгъу зэчиныкъуэхэм защІэгъэкъуэным хуэунэтІа лэжьыгъэм: жьы хъуахэм ерыскъыкэІхэр, хущхъуэхэр я унэхэм хуахьащ, госпитал хэм щыІэ медицинэ лэжьакІуэхэми зыщІагъэкъуащ, абыхэми ерыскъыкІэ япэІэбащ. Республикэм къыщызэрагъэпэщащ 122 «линэ пщтырыр». Абы и лэжьыгъэм хэтщ Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ факультетым и ординатор-волонтёр-хэр, КЪБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм Медицинэ чэнджэщхэр щат-узыфэр къыщахутэ и центрым и телемедицинэ къудамэм и лэжьакІуэхэр.

ЗэІущэм КІуэкІуэ Казбек волонтёр нэхъ жыджэрхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм волонтёр зэщІэхъеенныгъэм щыщегъэубгъуным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІахэм дамыгъэ лъапІэхэр щаритыжащ. Апхуэдэу, УФ-м и Президентым и щІыхь тхыльхэр ирагащ «Дэ дызэщІыгъуэ» Урысейпсо акцэр кьызэрэзэпэщыным хэлІыфІыхьахэу Дзэъу Къасболэт, Текуев Ислъам, Хьэпэ Эрик сымэ. УФ-м и Президент Путин Владимир и фІыщІэ тхылъ хуагъэфащащ «Урысей зэкъуэтым» и «ЩІэблэщІэ гвардием» и щІыналъэ къудамэм и унафэщІ Абазэ Албэч, «Урысей зэкъуэт» партым и унафэщІ Медведев Дмитрий и фІыщІэ тхылъ къратащ волонтёр Абазэ Хьэсэнбий, «Урысей зэкъуэт» партым и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и комиссэм и фІыщІэ тхылъкІэ ягъэпэжащ закъыкъуэзыгъаззэхэм ядэлэжьэным хуэунэтІа Іуэхуэхэр зэзыгъэуІу – «Урысей зэкъуэтым» и волонтёр центрым и унафэщІым и къудзэ Мэкъушэ Руслан.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

ЩІы Іыхьэ хэхар щатха гупым къыхагъэхІыу нэгъуэщІ гупым хэгъэхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

№3-ПП ***2021 гъэм щІышылэм и 22-м*** ***Налшык къалэ***

Аруан муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм 2020 гъэм щыщкъуэІум и 13-м №24-2382-м щІэту къыгъэхьа лъэІум хэпІыауэ, Урысей Федерацэм ЩІым теухуа и кодексым и 8-нэ статьям, «ЩІыхэр е щІы Іыхьэ хэхаХэр щатха гупым къыхагъэкІыу нэгъуэщІ гупым зэрыхагъэхьэм и Іуэхукіэ» 2004 гъэм дыгъэгъаззм и 21-м къащта Федеральнэ закон №172-ФЗ-м и 7-нэ статьям, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІым теухуа и кодексым и 6-нэ статьям ягъэ ИТКІІ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. Мэкъумэш мыхьэнэ зиІэ щІыхэм къыхагъэкІыу промышленностым, энергетикэм, транспортым, связым, щанэм, телевиденэм, информатикэм хухах щІыхэм, хьэрш лэжьыгъэм, зыхьумэкъыныгъэм, шынагъуэншагъэм папщІэ Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ факультетым и ординатор-волонтёр-хэр, КЪБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм Медицинэ чэнджэщхэр щат-узыфэр къыщахутэ и центрым и телемедицинэ къудамэм и лэжьакІуэхэр.

ЗэІущэм КІуэкІуэ Казбек волонтёр нэхъ жыджэрхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм волонтёр зэщІэхъеенныгъэм щыщегъэубгъуным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІахэм дамыгъэ лъапІэхэр щаритыжащ. Апхуэдэу, УФ-м и Президентым и щІыхь тхылъхэр ирагащ «Дэ дызэщІыгъуэ» Урысейпсо акцэр кьызэрэзэпэщыным хэлІыфІыхьахэу Дзэъу Къасболэт, Текуев Ислъам, Хьэпэ Эрик сымэ. УФ-м и Президент Путин Владимир и фІыщІэ тхылъ хуагъэфащащ «Урысей зэкъуэтым» и «ЩІэблэщІэ гвардием» и щІыналъэ къудамэм и унафэщІ Абазэ Албэч, «Урысей зэкъуэт» партым и унафэщІ Медведев Дмитрий и фІыщІэ тхылъ къратащ волонтёр Абазэ Хьэсэнбий, «Урысей зэкъуэт» партым и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и комиссэм и фІыщІэ тхылъкІэ ягъэпэжащ закъыкъуэзыгъаззэхэм ядэлэжьэным хуэунэтІа Іуэхуэхэр зэзыгъэуІу – «Урысей зэкъуэтым» и волонтёр центрым и унафэщІым и къудзэ Мэкъушэ Руслан.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Щхьэл зыгъэлажьэхэмрэ щІакхъуэгъажьэхэмрэ зыщІагъэкъуэн мурадкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыхуаутІыпщынущ сом мелуанищым щІигъу

ЩІакхъуэхэкІхэм я уасэр драмыгъэуеин папщІэ Урысейм и щІыналъэхэм трагуэшэнущ сом меларди 4,7-рэ. Абы теухуа унафэм Іэ щІидзащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщі Мишустин Михаил.

АХЪШЭМ щыщу сом меларди 2,9-р гуэдзыр къэщхэуным трагъэкІуэдэнущ, сом мелард 1,8-р - щІакхъуэгъажьэхэм ягъуэта хэщІыныгъэхэр ирагъэкъуэжьыным. Ахъшэр зыхуахахэм ящІэрыгъэхьэжьын кьалэныр УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и пщэ ираІыхьащ.

Мишустин Михаил и Іэ зыщІэлъ унафэр хуэгъэзащ ерыскъыкІэхэм я уасэхэр зэтеІыгъэным хуэунэтІауэ УФ-м и Президентым къэралым и Правительствэм пщэрыльэ щищІакэр гъэзэщІэным. Къэралым и Президентым нэхъ пасэу къыгъэувауэ щытащ цІыхухэр махуэ къэс зыхуей хъуерыскъы лІэужьыгъуэхэм я уасэхэм хэмыхъуэным ар зи къалэнхэм я нэІэ трагъэтын хуейуэ.

А къалэнхэр гъэзэщІа хъун папщІэ УФ-м и Правительствэм хигъэхъуауэ щытащ мэкъумэшхэкІ зыбжанэм ятехуэ пошлинэм, абыхэм гуэдзыр, сэхураныр, рапсыр яхэту, апхуэдэуи хьэжакІуэхэмрэ щІакхъуэгъажьэхэмрэ зэрызащІэбгъакъуэ хъунУ Іэмалхэр иубзыхащ, уасэхэм зэмыхъуэн папщІэ зэгурыІуэныгъэ щІыхэхуэхэр сатум хэтхэм зэращІынэр кьызэригъэпэщащ.

Зи гугъу ящІ Іуэхуэхэм тригъэкІуэдэн папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым кратынущ сом мелуани 3,2-рэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щІакхъуэгъажьэ Іуэхущ Іапі э мыинУ, жэщ-махуэм щІакхъуэхэкІ зэмылІэужьыгъуэу тонн 1 - 2 къыщІзэзыгъэкІыфу, 40-м щІигъу щыІэщ, апхуэдэуи щхьэл мыинуи 5 щолажьэ.

2020 гъэм, зэкІэ къызэратакІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щІакхъуэгъажьэкІыу тонн мин 21,5-рэ къыщыщІагъэкІащ - 2019 гъэм зэрыщытам хуэдиз. Хьэжьагъэу яхьэжащ тонн мини 9,5-рэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Белых Денис «Уэ дунейр пхузэхъуэкІынущ» тхылъым и лІыхъужь 57-м яхохуэ

«М Драйв» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ Белых Денис щІы хъурейм и ныбжьыщІэ нэхъ зэчиифІэ, жылагъуэм хуэщхьэпэ 57-м хабжащ икІи Рук Маргарет «Уэ дунейр пхузэхъуэкІынущ» зыфІищащ тхылъым и лІыхъужь хъуащ.

ТХЫЛЪЫМ и напэкІуэцІхэм ныбжьыщІэхэр щІэджыкІакІуэхэм щадогуашэ жылагъуэ лэжьыгъэм, волонтёр Іуэхум я пІалъэкІэ, шэч хэмылъуи, куэдым щапхъэ яхуэхъуащ. Денис лъы тыным теухуа щІыналъэ, щІыналъэзэхуаку проект зыбжанэм я жэрдэмщІакІуэщ.

КЪБР-м и лІыкІуэ щІалэр тхылъым щытепсэлъыхь медицинэ Іэнатіэм къыщызэриГъэпэща псапащІэ Іуэхуэхэм. Денис зэрыжиІэмкІэ, лъы тыным и мыхьэнэм и сабиигъуэм щеГъэжьауэ егупсысу щытащ. Іпэ дыдэу абы лъы итащ и ныбжьыр илъэс 18 зэрырикъуу. ИужькІэ ар тхузнейрэ итащ - 15-рэ плазмэр, плІэнейрэ - тромбоцитхэр.

«Сэ икъуэкІ телъыджэ сщыхъурт: пщІэншэу къыплъысамкІэ уэ нэгъуэщІым удэгъэшэфынущ гугъуэри удемыхьу, апхуэдэ щыкІэкІи зыгуэрым и гъащІэр кьыбгоъаІ е, нэхъ мащІэрамэ, узыншэ хъужьныкІэ сабэп ухуохьу», - къыщыхигъэщащ Белых Денис тхылъыр зи Іэдакъэщ Іэкъым ирита интервьюм. Тхылъыр дунейм и щІыпІэ куэдым гъэщІэгъуэн щащыхъуащ икІи къыхуагъэфащащ «Moonbeam Multicultural Non-Fiction Award 2019» саугъэтыр.

ДЖАТЭ Къантемыр.

● Гъуэгу къежьапІэ

Нобэрэ пщэдейрэ

ЩІышылэм и 28, *махуэку*

♦**ЦІыхухэр зыхуэ щэхур хэІущІыІу мыщІыным и дунейпсо махуэщ**

♦**Интернетыр къыщамыгъэсэбэп дунейпсо махуэщ**. ЦІыхухэр зы махуэкІэ нэхъ мыхъуми «дунейпсо хъым» къыхэшыным хуэгъэзауэ ягъэуващ.

♦**Армение Республикэм и Армэм и махуэщ**

♦**Белоруссием щагъэлъапІэ ЩІэныгъэм и махуэр**

♦**1897 гъэм** дизель гъэсыныпхъэкІэ лажьэ, куэду къыщІэбгъэкІ хъунУ двигатель зэпкъралъхьащ.

♦**1906 гъэм** къэралым щыпэу цІыпэу цІыбхэм папщІэ политехникэ курс нэхъыщхьэхэр Санкт-Петербург къыщыдэІуахащ. А еджапІэ нэхъыщхьэр 1924 гъэм зэхущІыжауэ щытащ.

♦**1986 гъэм** США-м и «Челленджер» хьэрш къуэкІыр пІытэри зы дакъикъэм щІигъуэкІэ уэгум итауэ къуащ. Абы иса астронавтиблри зэкІуэдауэ щытащ.

♦**1991 гъэм** Куйбышев къалэм и цІэр Самарэ жиІэу зэрахъуэкІащ.

♦Совет тхакІуэ, усакІуэ, драматург, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Катаев Валентин** къызэралъхьарэ илъэси 124-рэ ирокъу.

♦УФ-м щыкъуэ зиІэ и артисткэ, КЪБР-м и цІыхубз артисткэ **Шэру Соня** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Спортсмен щІэрыІуэ, Олимп Джэгухэм атлетикэ хьэлъэмкІэ тІэунейрэ я чемпион хьуа **Жаботинский Леонид** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м, Абхъазым щыхь зиІэ я артист, Ингушым, Шэшэн республикэхэм гъуэгджэхэмкІэ щыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Атэбий Игорь** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 13, жэщым градуси 2 - 3 щыхьынущ.

ЩІышылэм и 29, *мэрем*

♦**Ядернэ зауэр мыдэным щІыхуэхэр къыхуедэжьым и дунейпсо махуэщ**

♦**1710 гъэм** Урысей пащтыхьым славяныбзэм и пІэкІэ урысибзэм и иджырей алфавитыр къащэтэным теухуа указыр къыдигъэкІащ.

♦**1833 гъэм** Урысейм щыяпэу Санкт-Петербург къалэм пощт Іуэхущ Іапі э къыщыдзэІуахащ.

♦**1886 гъэм** Бенц Карл япэ автомобилыр къызэригупсысам щыхьэт техъуэ патентыр къратащ.

♦**1908 гъэм** япэ урысей аэроклубыр къызэрагъэпэщащ.

♦**1921 гъэм** РСФСР-м и ЦІыхубз комиссархэм я советым и деж ВЧК-м и Іэхуэхэмкі щыІэ управленчэм унафэ кьиищащ шынагъуэншагъэр хьэрш къуэкІыр щІигъуэкІ къызэІуахьну. Иджыпсту ар Урысей ФСБ-м и Академиерщ.

♦**1935 гъэм** СССР-м Калинин (иджы Тверь) областыр къыщызэрагъэпэщащ.

♦**1943 гъэм** советыдзэхэм Мейкъуапэ, Тихорецк къалэхэр нэмыцІэ фашист зэрыпхъуакІуэхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦**1964 гъэм** Австриием щыщ Инсбрук къалэм IX ЩІымахуэ Олимп Джэгухэр къыщызэІуахащ. Олимпиадэр щІышылэм и 29 - мазаем и 9-хэм екІуэкІащ. Абы щыгъуэщ Іэжьэм ису бгым кьежьахьыныкІэ япэ зэпеуэхэр щекІуэкІащ ягъэщытащ.

♦**1992 гъэм** Лениным и цІэр зэрихьэу Москва дэт къэрал библиотекэм зэреджэр Урысей къэрал библиотекэ жиІэу зэрахъуэкІащ.

♦**2001 гъэм** КЪБР-м и цІыхубз усакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **КІыщокъуэ Алим** дунейм ехыжащ

♦США-м и 25-нэ президент, а къэралым и унафэщІ нэхъыфІ дыдэхэм ящыщу къалъытэ **Мак-Кинли Уильям** къызэралъхурэ илъэси 178-рэ ирокъу.

♦Урыс тхакІуэ, драматург цІэрыІуэ, дунейпсо литературэм и классик **Чехов Антон** къызэралъхурэ илъэси 161-рэ ирокъу.

♦Франджы тхакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэу щыта, Нобель игъэува саугъэтыр литературэмкІэ (1915 гъэм) зыхуагъэфащэ **Роллан Ромен** къызэралъхурэ илъэси 155-рэ ирокъу.

♦Критик, АКЪУ-м и профессору щыта, филологие щІэныгъэхэм я доктор **Чэмокъуэ Тырыкубий** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

♦Футболисту щыта, тренер, журналист, Урысейм спортымкІэ щыхь зиІэ и мастер **Ловчев Евгений** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Балетмейстер, КЪБР-м и цІыхубз артист **Думэныщ Іэуладин** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Чехием щыщ хоккеист цІэрыІуэ, къэралым и командэ къыхэхам и ГъуэгущхэтетУ илъэс куэдкІэ щыта, Стэнли и кубокыр тІэунейрэ зыхуагъэфэща, олимп чемпион **Гашек Доминик** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

♦Урысей композитор, уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ, УФ-м и цІыхубз артист **Маликов Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэрэх къыщІэхынущ. Махуэм хуабэр градус 1 - 2, жэщым щІыІэр градуси 2 - 1 щыхьынущ.

ЗыгъэхьэзырарЗ **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Ахъшэр къыздикІам мэкІуэж.

● Хэкупсэ гъэсэныгъэ

Лыхъужьхэм я щапхъэ

Аруан щІынальэм хыхьэ Къэхъуан къуажэм дэт курыт школ №92-м иджыблагъэ щекІуэкІащ зэІуІщІэ купщІафІэ. Ар теуХуауэ щытащ «Урысейм и гуГапІэ» къэралпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм ди республикэм щиІэ къудамэм и пашэ Черновэ Алёнэрэ абы ипхъу Назаровэ Надеждэрэ зэдатха «Унагъуэм и тхыдэр Хэкум и тхыдэм къыхэнащ» тхылъыщІэр утыку къихьэным. Зэхуэсыр щекІуэкІащ школым и «Зыужьныгъэм и щІэдзапІэ» Іэнатіэм.

НАЛШЫК дэт «Принт-Центр» тхылъ тедзапІэм къыщыдэкІа тхылъ купщІафІэм и лъэтеуэвэм къырихьэлІат хьэщІэ лъапІэ куэд. Школым и егъэджакІуэхэмрэ еджакІуэ щІыкІуэхэмрэ, апхуэдэу тхылъым и авторхэм нэмыщІ, абы жыджэру хэтащ КПРФ-м и къалащхьэ къудамэм и ліыкІуэхэу Шыдакъ Евгение, Ульбашевэ Светланэ, Вэрылі Сэфарбий сымэ, къуажэ администрацэм і Іэтащхьэ Къандэхъу Леонид, Аруан районым и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм і пашэ Езий Юрэ, «Унагъуэм и тхыдэр Хэкум и тхыдэм къыхэнащ» тхылъым зи хъыбар ихуа, Фин зауэм, Хэку зауэшхуэм ліыгъэрэ хэхуагъэрэ зэрихьэу хэта Албот Даудий Лыкъуэ и къуэм къыщІэна унагъуэм щыщхэр, уэрэджІыкІуэ цІэрыІуэ Къул ФатІимэ, нэгъуэщІхэри.

Зэхуэсыр къызІуахыным ипэ кІихуэу, хьэщІэхэм удз гъэгъахэр тралъхьащ Хэку зауэшхуэм эхІуэда къэхъундэсхэм я фэеплъу къуажэм дэтым. ДакъикъэкІи абыхэм яхуэщІигъуащ.

Тхылъым елэжьахэм ящыщІ курыт школ №92-м и еджакІуэхэу тхыдэдж ныбжьыщІэхэм я «Къэлъыхъуэныгъэ» клубым екІуалІэхэр. Абыхэм я унафэщІщ тхыдэмкІэ егъэджакІуэ цІэрыІуэ, тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат Шыбзыхъуэ Хъамсинэ. Абыхэм гукъыдэж яІэу зэхуэхьэсащ я кІуэажэгъу зауэлІым теуХуа дэфтэрхэр, хъыбархэр, сурэтхэри кърахьэлІащ. Хьэлэмэтрати, Албот Даудийрэ тхылъыр зи кІалэмыпэм кІыпІыкІам и адэшхуэмрэ Фин зауэжьым зэдьхэтауэ щытащ.

- Апхуэдизэ лэжьыгъэ къызэхьэлІа еджакІуэ щІыкІуэхэм я деж дыкъэмыкІуэу тхуэшэчакъым. Нэхъ гъунэгъуэу зэдгъэщІыхуну дыхуейт ди адэшхуэм зауэ Іэнатіэм къыдыІута Албот Даудий къыщІэна унагъуэр, къыщІэхъуа щІэблэр. А зауэлІитІыр бийм пэщІэтащ, зы щІакъуэ Іыхьэр зэдгагъэшу, зэш зэхуэхьуауэ, - жиІащ Черновэ Алёнэ. - Ди мурадыр къыддэзыІыгъуэ зэІуІщІэм зыкъэрезыхьэлІа псоми фІыщІэ яхудощІ. Зи блэкІам щыгъуазэ, зи къэкІуэнум фІыкІэ хуэлажьэ щІэблэ фи жьлэм къыдэхъуэну сыфхуэхъуахъуэ.

АдэкІэ утыкур хуит хуащІащ тхылъ гъэщІэгъуэным папщІэ тхыгъэхэр зыхуэзыхьэса ныбжьыщІэхэм. Ахэр зэпкърыхауэ тепсэлъыхьыжащ я егъэджакІуэм пщэрыльэ къахуищІа къалэныр зэфІэхьыным гукъыдэж яІэу зэрыхэтамрэ Іэхуэр зэрелъэкІамрэ. НыбжьыщІэхэм зэрыжаІамкІэ, къуажэм щыпсэу куэдым яхуэщхьэпэну «Унагъуэм и тхыдэр Хэкум и тхыдэм къыхэнащ» тхылъыщІэм езыхэри хуабжьу щыгуфІыкІащ икІи фІыщІэ хуащІащ ар къэхуэзыхьа, тыгъэ къахуэзыща хьэщІэ лъапІэхэм. Школакіуэхэр къызэхуэсахэм къахуеджащ тхылъым щыщ Іыхьэхэм, абы ихуа усэ щхьэхуэхэм.

Тхылъыр зи кІалэмыпэм къыпыкІа зэнэзэпхъуэм апхуэдэу гуапэу екъуэхъуащ Іуэхум къырихьэлІахэр. Псом хуэдэхтэкъым Албот Даудий и къуэ Сэрэбий, зауэлІым я лІыхьжьым къыщІэхуа щІэблэм ящыщІу Чэримрэ Хьэмидбийрэ я къэпсэлъэныгъэхэр

Зэхуэсым хэтахэм яфІэхьэлэмэту щыгъуазэ зыхуащІащ Іуэхум къыхуэзрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэм. Абы хэлът Хэкум и щхьэхуитныгъэм щІэзэуа, абы папщІэ зи псэр зыта къэхъундэсхэм ятеуха тхылъхэр, тхыгъэ щхьэхуэхэр, сурэт гъэщІэгъуэнхэр, фронтым кратхыкІауэ щыта письмо щимэхэр, нэгъуэщІхэри. Іуэхур и макъ жьгъыру дахэмкІэ иІэтащ уэрэджы-Іакіуэ цІэрыІуэ Къул ФатІимэ. Абы къызэхуэсахэм папщІэ жиІащ зауэм, мамыры-гъэм ятеуха хэкупсэ уэрэдхэр.

ГъэщІэгъуэну, купщІафІэу екІуэкІа зэІуІщІэр къызэщІикъуэжу, абы къыщыпсэльащ а курыт школым и унафэщІ Джатокъуэ Хьэуелэ. ХьэщІэ лъапІэхэм фІыщІэ ин яхуищІащ абы, апхуэдэуи жиІащ щІэблэр хэкупсэу гъэсэныкІэ мыпхуэдэ зэІуІщІэхэр хуабжьу щхьэпэу зэрыщІытыр.

Зэхуэсыр абы хэтахэм я гум гуапэу куэдрэ зэрильыпкъ ш.эр хэлъхьыш.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Узыншагъэ

Сымаджэхэр нэхъ мащІэ мэхъу

Коронавирус узыфэ зэрыщІалэм щеІэзэ госпиталитІ республикэм щызэхуащІыж. Иужьрей махуи 10-м узыфэм хьэлэуу игъэсымаджэхэм я бжыгъэр щІыналъэм нэхъ мащІэ щыхьэуащ. Абы къыхэкІыу КъБР-м Узыншагъэр хуэмынмкІэ и министерствэм унафэ кІэщтащ Налшык къалэ клиникэ сымаджэщ №92-мрэ Республикэ сабий клиникэ сымаджэщымрэ епхауэ щыІэ госпиталхэм я лэжьыгъэр къызэтрагъэуВыІэну.

МЫ ЗЭМАНЫМ а медицинэ Іуэхущ1апІэхэм я узыншагъэр щызэфІагъэувэж щІыкІуэ 211-м, нэгъуэщІ сымаджэхэр щІагъэгъэуэлъхьэнукъым. Ахэр къыщІатхыкІыжа нэужь, госпиталыр санитар хабзэхэм тету къыщІагъэхьэбзыкІыжынурэ Іуэхущ1апІэхэр нэхьапэм зэрылэжьым.

Узыфэр хьэлэуу зыпкърытхэм я бжыгъэр нэхъ мащІэ щІэхъуам и щхьэусыгъуэу Іэщ1агъэлІэхэм къагъэлъагъуэ эпидемиологие щытыкІэр зэрефІэкІуар, щІыкІуэ щІэныгъэ Іуэхутхьэбзэхэр хъарзынэу зэрызэтраублар, коронавирус узыфэр зэрапкърытыр пасэу къаухтэу и чэзум еІэзэн зэрыщІадзэр, вакцинэр гупурэ зэрыпархьэлІэр.

Дохутырхэр щогугъ узыфэ зэрыщІалэ шынагъуэм ущызэхьэлмэ мастэхэр щІыкІуэм зыхрагъэлъхьэн зэрыщІадзам и фІыгъэкІэ зэман кІэщІым кьриубыдэу коронавирусыр зиІэу къагъэлъагъуэ сымаджэхэм я бжыгъэр куэдкІэ нэхъ мащІэ хъуну.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

● Тэрч щІыналъэ

ЦІыхухэм зыщІагъакъуэ

ЦІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщынымрэ псэуныгъэ и лъэныкъуэкІэ абыхэм защІэгъэкъуэнымкІэ Тэрч щІыналъэ центрыр лэжьыгъэ купщІафІэ кърихьэлІауэ иІъэсыщІэм техьащ.

2020 ГЪЭР и кІэм нэсыху мыбы щрагъэкІуэкІащ лэжьапІэ къэзылъхьуэхэм папщІэ жармыкІэхэр. Центрым и Іэщ1агъэлІэхэм къызэрыхэгъэщІымкІэ, программэ гъэхуам тету илъэс къэс къыхалъхьэ мы Іуэхум Іэмал къарет лэжьапІэнщэу районым исхэм я бжыгъэр къэгъэнэІуэнымкІэ, и чэзум абыхэм ядэІэпыкъунымкІэ, абыхэм ящыщ дэтхэнэми бгъэдэль щІэныгъэр къэлъытауэ, Іэнатіэ хьахуэхэзынымкІэ.

«Ярмарка вакансий» Іуэхум цІыху 200 - 300 нэхъ мынэхъ мащІэ къэкІуалІэ. Дэтхэнэми яГу дыхьэн лэжьыгъэ зэуэ хуамыгъэлъэгъуэфынри хэлъщ, ауэ, псом ящхьэращи, щыІэ Іэнатіэхэм хоплъэ, чэнджэщ щхьэпэ ират. Зэхуэсыгъуэ къэс цІыху 20 - 25-м лэжьыгъэ къагъуэт. Къапщтэмэ, илэ ита илъэсым зыхуеджа Іэщ1агъэмкІэ лэжьыгъэ къыхуагъуэтащ цІыху 500-м. Къищынэмыщ1ауэ, цІыху 20 - 30 хуэдизу щІэрыщІэу Іэщ1агъэ зэмылІэужьыгъуэхэм хурагъаджэж.

ПІалъэкІэ лэжьэну хуейуэ цІыху нэхъыбэ къащыхуэкІуэр студентхэмрэ школакІуэхэмрэ я зыгъэпсэхугъуэ гъэмахуэ лъэхъэнэрщ. Апхуэдэщ зи пенсэр мащІэу лэжьэну хуейхэри. Ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъхэми пыпэльащхьи лэжьыгъэ хуейхэри. Ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъхэми пыпэльащхьи лэжьыгъэ хуамыгъэльагъуэу къанэрхьыл.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Прохладнэ щІынатъэ

Лэжьыгъэфі кърахьэлІэ

«Прохладнэ хуабээнерго» Іуэхущ1апІэм и пщэ ккъыдэхуэ къалэнхэр мыбдлэрыгъыу егъэзащІэ.

ЗЭГУХЬЭНЫГЪЭМ мы зэманым къеГъэщІылІа унэ 225-р къызыхуэтыншэу егъэплъ. Іуэхущ1апІэр иджырей Іэмэпсымэхэмкіэ тэмэму къызэрызэгъэпэщам Іэмал хъарзынэхэр къарет хуабэр къэзыгъэсэбэпхэм абы щІат уасэр гъэмэщІэныжьмкІэ, цІыхухэм хуащІа Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъыр къэІэтынымкІэ. Къащтэмэ, компанием илъэсиц ипхІэ игъэуващ электроэнергиуэ ягъэкІуэщІыр къызэрапщ автоматикэ системэщІэ. Абы къыдэкІуэу псыр зэрагъэхуабэ, ар зрикІуэ сетхэр ныкъуэсанэгъэ ямыгъуэту нэхъыбэрэ зыигъэлажьэ Іэмэпсымэфхэр яІэщ. Щ1ымахуэм зэрыщІидзэрэ къызэрымыкІуэ щытыкІэм нэсауэ зы линие иІэкъым, цІыхухэм тхьэусыхафэкІэ зыкъыщыхуагъаза зи къэхъуачьым.

Фэтэрхэм я ГъэлІэныгъэ зэманыр иухыу хуабэр Іэачьыжьу, унэ къэс къэпщытакІуэхэр кІэлъопІэ, ныкъусаныгъэ зы мащІэри псынщІэу яГъэзэкІуэж.

ШЭРДЖ Дисэ.

● Дифі догъэлъапІэ

Даур Жэхьфар и илъэс гуащІафІэхэр

Илъэс 90 ирикъуащ ди нэхъыжьыфІ, журналист, тхакІуэ цІэрыІуэ, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Къэрэшей-Шэрджэсым щІыхь зиІэ и журналист, Совет Союзым и ТхакІуэхэм, Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэм хэт Даур Жэхьфар Ахьмэд и къуэр.

ЖЭХЬФАР Хьумэрэн ЦІыкІыкІэ зэджа жылэм 1931 гъэм щІышылэм и 6-м къыщалъхуащ. Абы пэщІэдзэ еджапІэт дэтри, я гъунэгъу Псэунэ Дахэ къуажэм классибльр къыщІиуХащ. 1950 гъэм Даурыр щІэтІысхьащ Совет Союзым и ЛІыхъужь Хьэбэч Умар и цІэр зэрихьэу Черкесск дэт педучилищэм. Ар къыиуха иужьрей адыгэбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэу Абазакт (Еджэбэкъуей) илъэсибл еджапІэм яГъэкІуащ. Зауэ ильэсхэм зи еджэныр зэпыуа хъуа ныбжьыщІэхэр зыхэс еблаНэ классыр дзыхь къыхуащІат абы. Лэжьэн щІидза къудейуэ, 1954 гъэм дзэ къулыкъым ираджащ. Курыт щІэныгъэ зиІэ сэтэт зэрахуэкІуам хуабжьу щыгуфІыкІат командирхэр икІи полкым и щхьэ частым хагъэхьащ. ЛІыгъэ хэлъу илъэсищІр къыхуэкІащ, лейтенант нэхъыжь хъуауи къыщІэзэжащ.

КъыздекІуэлІэжам «Черкес пэж» газетым иргъэблэгъащ - 1957 гъэм и щыщхьэуІуэм абы и зэдзэкІакІуэ хъуащ. ГъэщІэгъэнкъэ мыри: зэрылъэжьа тхылъым зы Іуэхущ1апІэ закъуэщ итыр - 1957 гъэм газетым къащтащ, 2009-м ЦІыкІыжащ. НэгъуэщІу жьлпІэмэ, илъэс 52-рэ адыгэ газетым иратащ, апхуэдизэ илъэскІи и лъэпкъым, республикэм, Урысейм щыпкъэу хуэлэжьащ. Иужьу къыхуагъэфэща редакцым и мэхьулмэ щхьэдамэм и редактор Іэнатіэм лэжьапІэм къыІуІыжьыху пэрытащ.

Зэрылажьэм хуэдэу, Къэрэшей-Шэрджэс къэрал педагогикэ институтыр къиухащ. Журналист Іэщ1агъэ мытынышм нэхъри хуэІэижь хъун папщІэ, партым и Къэрэшей-Шэрджэс обкомым и унафэщІэ 1967 гъэм Ленинград парт еджапІэм ягъэкІуащ икІи ар щытхъу иІэу къиухащ. ЕджапІэм кърита тхылъым итт узыгъэгушхуэ псалъэхэр: «Гурыхуэщ, щІэныгъэфІ иІэщ, сыт хуэдэ парт лэжьыгъэри игъэзэщІэфынущ».

Жэхьфар и гуащІэ зыхихьхьар адыгэ газетым и закъуэкъым, атІэ Кавказ Ищхъэрэм, Урысейм къыщыдзкІ газетхэми ядэлэжьащ. Партым и Къэрэшей-Шэрджэс обкомым и бюром и унафэкІэ КПСС-м и ЦК-м кьегъэщІылІауэ щыта «Сельская жизнь» газетым штатым хэмыт и корреспонденту илъэс 20-кІэ щылэжьащ. Апхуэдизэ зэманкІэ хэзралым и щІэджыкІакІуэхэр щигъэгъуэзащ областым и гъащІэм, и ехьулІэныгъэхэм. Мащ1экъым зэфІэхын хуей Іуэхугъуэу кьиІэтари.

Жэхьфар Хэку зауэшхуэм и ветераншэ. ЗэуапІэ губгъуэм итакъым, ауэ хэхуагъэ къиГъэпсэгъуащ а зэманым. 1943 гъэм нэмыцэхэр щрахужьым ПсэукІэ Дахэ я къуажэмрэ Хьумэрэн ЦІыкІумрэ я кум махуищкІэ зауэ гуащІэхэр щекІуэкІащ. Щ1алэ щІыкІуэр - КІыкІ Хьэмидрэ Даур Жэхьфаррэ - лІыгъэ яхэлъу зауэлІхэм ядэІэпыкъуэрт. Зэгуэрым, я унэм пэмыжьыжьу уІэгъэ щІыхьэр сэлэтхэр къэлъэІуат дэІэпыкъуэгъу щхьэкІэ. ЦІыкІ цІыкІуитІыр пщІантІэм дэжри, сэлэтхэм я деж къэзрачащ. Гъунэгъу къэхъуа нэмыцэ сэлэтым автоматышэр къатригъэлъэпъащ. Хьэмид зэшэзэпІэу иуклащ, Жэхьфар уІэгъэ хьэлъэ дыдэ хъуащ - ерагъкІэ ажалым къыІэщІагъэкІащ. Хъужа нэужь колхоз гъащІэм хьихьэжри, фронтым хуэлэжьащ.

Жэхьфар и архивым зы дэфтэр лъапІэ хэлъщ - ар и къару емыблэжьу ТекІуэныгъэм зэрыкъуэлэжьам папщІэ тхылъ гъэщІэгъуэн къыдигъэкІыжащ.

Даур Жэхьфар щхьэхуэу тетхьыкащ адыгэ щІалэ цІыкІухэр зэрызэпеуэу щыта «КІэн джэгум». Кавказ Ищхъэрэм узыщрикъэлІэ хьэкІэжхъуэкІэхэм триуХуащ «Щ1ыхь лъагъуэ» тхылъыр.

Даур Жэхьфар бзэр, хабзэр хъумэным емыязшу и гуащІэ хелъхъэ. Ар щІэрагъэ ираГъэблагъэ Абэтэхьэблэ, Адыгэхьэблэ, Бэвыкъуэ, Хьэбэз къуажэхэм, Черкесск къалэм дэт еджапІэхэм. Жэхьфар и тхылъхэм щыщ куэд яхуигъэшащ еджапІэхэм, тхылъ хъумапІэхэм, музейхэм, архивхэм.

Даур Жэхьфар и тхылъ псоми я щхьэщ абы томитІу къыдигъэкІа «ЖыІэ Урэсей, си Кавказ!» зыфІищ1ар. Абы щІэзэхуихьэсыжащ Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтым и лауреат Даур Аслъэн и макъамэбзэкІэ тха архивыр. А тхылъымкІэ Жэхьфар тхуиХумащ уэрэдыс щІэджащэ Даур Аслъэн и Іэдакъэщ1экІэхэр.

Даур Жэхьфар адыгэ лъэпкъым, КъШР-м, Урысейм Іуэхугъуэфіу яхуэзэфІихар лъэужьыншэ хъуакъым. Абы и цІэр Дунейпсо адыгэ щІэнгъуэзэм хуэщащэ дыдэу иратащ, Дуней псом щэрджэсу тетым къащІащ а адыгэлІ щыпкъэм и зэфІэкІыр зэрыиныр. Ди республикэм къыхуигъэфэщащ и нагъыщэ нэхъыщхьэр - «Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр. Республикэм и тхакІуэхэм зэдащІэрэ, 2013 гъэм щІыналъэм и тхакІуэ нэхъыфІу къалъытауэ щытащ Даурыр.

Урысейм и тхакІуэхэм я 15-нэ съездым щыкІуэм, абы адыгэ фащэр зыщитІагъэри, лъэпкъым и пщІэр иІэтащ. ТхакІуэхэм я Зэгухьэныгъэм и тхьэмадэу хаха Иванов Николай лІыкІуэхэм захуигъэзащ: «Ди тхакІуэ нэхъыжь дыдэхэм ящыщ, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм къикІа Даур Жэхьфар адыгэ фащэ щыгъуэу къакІуэри, ди зэхуэсыр къигъэжьыфІащ». Абы Іэгуауэ ин хуаІэтат.

Апхуэдизэ Іуэху зэрІэзыгъэкІ адыгэлІхэм иджыри щыщІегъэхьэ Адыгэ Хасэм хэлэжьыхьыну, Урысейм щыпсэу адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономием и тхьэмадэм и Іэдзэ къалэныр ноби екІуу егъэзащІэ.

Даур Жэхьфар и цІэр ирапх цІыхугъэм, адыгагъэ нэхъыж, Іэнэбагъым, гуащІэ дахэм. Адэ насыпыфІащ Даур Жэхьфар - бын хъарзынэхэр иІэщ.

И щІалэ нэхъыжь Рэмэзан ВИМО-р (Военный институт международных отношений) къиухащ, политик Примаков Евгений и гъусэу лэжьащ, Адыгэ Республикэм и лІыкІуэу Москвэ къалэм щыІэм и къуэдзэу щытащ, щІэныгъэхэм я кандидатщ, Къуэкіыпі Іэхэралхэр джыным-кІэ институтым и унафэщІым и къуэдзэу къэралІуэхуэхэр зэфІихащ. Иджы Урысейм и посольствэм щыпсэжьэну Афганистаным ягъэкІуащ. И щІалэ нэхъыщІэ Ахьмэд Белгород дэт сату академиер къиухащ. Хъыджэбзыр - Эльмирэ - медицинэм и лэжьакІуэщ. Жэхьфар зэхуэрылъхуу щІалищрэ щІалищ1ырэ иІэщ. Абыхэми я гуфІэгъуэм хэтщ, фІым, пэжыгъэм хуегъаэсэ. И дуней тетыкІэмкІэ ар и щІэблэм щапхъэ яхуохъу.

УЭХУТУ Александр,
Урысейм щыпсэу адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономием и тхьэмадэ.

● Псалъэзэблэдз

Бырымбыху

***Екіуэкіыу*: 5.** Бэдзынокъуэ и шым Псыжь къызэрыхуэмыхъуар. **8.** Сосрыкъуэ сыджыр къыщыкухуэмыт-хьам зэдзэгъуар. **9.** Мэлэчыпхъу и анэ. **10.** Емынэжь ху жьлэр къытрихыжьну кІэлъыкІуэу къэзымыгъэззэжа нарт. **13.** Нартхэр зэрысу я гъащІэр щцахьар. **15.** Псы щцыжэ щІыпІэ. **16.** КъэкІыгъэр хуабэ егъэлеям щисыж зэман. **18.** Лъэпщ и гъуэкІэгъум дитхъуа къуэ. **19.** Дэмэкъуэ къызыхащІыкІ жыг. **20.** ЩЭуеий и анэ. **21.** Хьэ гъэса. **24.** Нарт хьыбархэм кудрэ къыхуащ псы. **25.** Ялэнэс тепІэни щІэлъыни хуэхъу щыгъын. **26.** Батэрэз пщы Марыкъуэ щрихужьа губгъуэ. **28.** ЩхьэцфІыцІэ и щхьэцыр къридзыхмэ, имычэзуэ къэхъур. **30.** Нартхэм ящІэ гъавэ. **33.** Ашэмэз и бжьамийм и кІэхумкІэ епщэм гъавэм, къыкІыгъэм къыхьхьэ. **34.** Нартхэм я мыгъэрысэр зыдыгъу хъыджэбзищым зытрагъэлъадэ фэ. **35.** Хэзырмэс Іыхьлыгъэкіэ Щэуей и сыт? **39.** Сосрыкъуэ Іэнэ нэзыр къыщІифыхьым иримыкІутар. **40.** Жьы хъуа нартхэр зрадзыхьыжу щыта бгы. **41.** Сэтэней и нэкІур зрагъэщхьыр. **42.** Мэшыр къыщахьж жащым Іны фІыщІэм къриІъэфхэр. **50.** Гъэгурум щыщ Іыхьэ. **52.** Пэкъуэ зэрабжу щытар. **53.** Псыр псынщІэу щцыжэ щІыпІэ. **55.** Сэтэней зэрызыкІэлъыплъыхь Іэмэпсымэ. **57.** МафІэ зэращІ, тралъхьэ. **59.** Лъэпщ и гъуэкІэгъу. **60.** Емынэжь и псэупІэм зэреджэр. **61.** Жи1ам темыкІ, зыми кІыпимыкІуэт. **64.** Тотрэш и анэ. **65.** Нартхэ я фызыжь Іущ. **67.** КІыщ Іэмэпсымэ. **68.** Бэдзынокъуэ щхьэкІэ Сэтэней ныш ищІыну жьыхуиІа вым и щытыкІэ. **70.** ІэфІыр зыгъэдыдж, дыджыр зыгъэІэфІ. **71.** Зыгуэрым и гупэ. **72.** Бгы къыпэувам Мэлэчыпхъу и лъэІыкІэ ищІэр. **74.** Ашэмэз и адэр зыуКІар. **75.** Нарт щакІуэхэм я щакуКІырей хьеуан. **76.** Щэуей зекІуэлІэхэм мэзым щахуищІа егъэзыпІэ. **77.** Албэч и къуэ, Сосрыкъуэ иуклА.

***Екъхьыу*: 1.** Тхъуэжьей зи лъэмакъ зэрызищІыф псэущхьэ. **2.** ЦІыхухъу дакІуэ-бзакІуэ. **3.** Мыжьжьэ. **4.** Шужьей и лъагъныгъэр зыхуэдэр кьищІэну абы Мэлэчыпхъу хуитхьэбар. **6.** Іэщ къызэрыбыд Іэмэпсымэ. **7.** Тхьэхэм Сосрыкъуэ къыхуагъэфэщар. **10.** И шым къилъхуа щыщІэр здахьамкІэ Батэрэз зэупщІа нарт. **11.** Иныжьхэр иуклыу зи адэр къэзышэжа. **12.** Сосрыкъуэ и жагъуэгъуэхэр къызэреджэ. **14.** Ялэнэс кудрэ зэрыхуа щытыкІэ. **15.** Джылахьстэн и пщІантІэм Сосрыкъуэ къыщІриудыха къуалэбзу. **17.** ЗекІуалІхэм къызэдрахьэкІ ерыскъы. **19.** Хабзэ яхуэхъуауэ къыщІакІухь щцыпІэ. **22.** Мэкъу зэрыпапущІ Іэмэпсымэ. **23.** ХэкІыпІэ, бзаджагъэ. **27.** Къуийцыкіу «Си къуэш курыт» жьыхуиІа, иныжь ІыпІэ къуэр зыкъута. **28.** Мывэ лІэужьыкІыгъэ. **29.** Щтачыным щахъуэ жыр. **30.** ХьэщІэр жеиху, Бэдзынокъуэ пиупщІар. **31.** Нартхэм я зэпеуэ джэгукІэ. **32.** ЗэрыпщафІэ Іэмэпсымэ. **33.** Ерыскъым, гъавэм хэлъ бэвыгъэ, кудрыгъэ. **36.** Щэуей ІыпщэжьыпІ щцым зэрыриІулІар. **37.** Ныкъуэкъуэгъу, укъэзылъагъу мыхъу. **38.** Нартхэм егъэлеяуэ ягъэльапІэу, пщІэ зыхуащІу щцыта. **43.** Тхъуэжьей къэзылъуа шым зэреджэр. **44.** Бэдзынокъуэ и анэр зытесу щцыта шым и теплъэ. **45.** ЩІалэ уардзэкэр, бжьыфІэхэр зрагъэщхь. **46.** Уий, уий, нартыжьхъэ, нартхэ ди щІыхьыр мэ... **47.** КъуийцІыкІу и щІыбым иныжьым къыдихыну жиІар. **48.** Тепщэчым зэреджэу щытар. **49.** Щауэр хьэхэм зыхашхыхьу Мэлэчыпхъу жыхуиІа гуэрэн. **51.** Шы мыгъасэ, Іэл. **54.** ЦІыху ауан ящІым, ягъэпудым хужаІэ. **56.** Батэрэз тхьэІухудым и псэлъыхьым и пІэкІэ зрагъэуа нэщанэ. **58.** Къан... схуэгъадэ (Сосрыкъуэ и анэм зэрелъэІуа). **62.** Іэщхэм я тхъэ. **63.** Псы кьыхэшпІэ, Іущ1анІэ. **64.** Ба-къуэ нанэ нартхэм я ... пыупщІт. **66.** Псэбыдэ ищри, ар зэпха жьыгри езыхьэжьа. **68.** Бэдзынокъуэ щІыхуэзам Сэтэней и пщащэм и ныГар. **69.** Уанэм щщІ Іыхьэ. **71.** Жейм и нэгу щІэкІ. **73.** Фадэ щащІкІэ халъхъэ.

ГуащIэм зэщIэкIуэ иIэкъым

● Фэеплъ

ЕгъэджакIуэ, гъэсакIуэ, тхакIуэ Жылау Нурбий Хьудин и къуэр къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу

**МылIэжьныпсэ зыIут щыIэкъым, ауэ щIыхум ифI зыхэлъыр и гуащIэ къыдэкIыу дунейм тетар мылIа пэлъытэу ябж, абы и лъэужьыр кIуэдыжыркъым, бгъэдэль фIыщIэри кIуэщIыжьыркъым. И Іуэхурэ и псалъэрэ зэблэмыкIыу, и IэщIагъэрэ и щIэныгъэрэ щIыхьым ещIыхьэпэу псэуам и щIэр уахътышIэ мыхъункIэ Іэмал иIэкъым. Апхуэдэ зыгуэрщ «щIым лIаи щIэлъщ, псэуи щIэлъщ» щIыжаIар. Мы тхыгъэр зыгетхуэ, «Урысей Федерацэм щIэныгъэ и щIэныгъэ егъэзыгъэтыныжкIэ и отличник» щIэр зыхуагъэфщацуэ щыта Жылау Нурбий иужьрейхэм ящыщщ. Дунейм зэрехьыжрэ илъэс 15-м щIигъуами, и гугъур нобэр къызыдэсым щалъхуа жылэжьым щыужьыкIыркъым, кIыдалъхуахэм, къыдалъхуахэм, иригъджахэм ягу къызэрыкIыжри гуапагъэрэ нэщхъыфIагъэ защIэкIэщ. Нурбий и гулъытэр, и щабагъэр, и гущIэгъуэ абы зэ хэзыгъэ зыхэзышыщIа щыта щIэкIынкъым - дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ хэха къахуигъэтыфырт, псэльэкIэ пыухыкIа яхуищIыфырт.

ЦIыхУм уаIэщIэмыхужыныр, я гум илъ дахагъэ псомкIи узыхащIауэ уаIуэ-тэжьныр насыпт лIэужьыкIыгъуэщ. Апхуэдэу зи фэеплъыр гукъэкIыжк нэхукIэ ягъэщIэращIэхэм ящыщщ Жылау Нурбий. ЗэгурэкIм Нурбий щыпсэжа ежаращ щIэс цIыкIухэм «ЕгъэджакIуэ нэхъыфI» зи фIэщыгъэ къэхутэныгъэ лжкъыгъэ иныр къыхалъхьэри, гъэщIэгъуэну ирагъэкIуэкIат. ЕгжакIуэхэм я пщэрылът къуажэм хьихьу зыхуэзэхэм лжкъыгъэ цIыхугъэкIэ гукъинэж ящыхъуа егъэджакIуэм и щIэр жраГъэIэну. ФIэщыгъэр зыхуэфащэ кIуэдым, щэч хэмылъу, я цIэ кьраIуат абы щыгъуэм, ауэ, псори кьалъытэжа нэужь, Жылау Нурбий и щIэр хуэдитIкIэ нэхъыбэрэ кьыхагъэщат дэтхэнэ зыми ефIэн нэхърэ. СытхкIэ кьылэжьрэ ар абы жаIэу щыщIауплIэжи, адыгэлI нэсу дунейм зэрытетам, ефжакIуэ гъащIэр гукъинэж зыщI Іуэхугъэ куэдкIэ зэрригъэнщIам, щIэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ зэгуимыбыу егъэджакIуэ ІэнатIэр екIуу зэрырихькIам трагъэщIат. Нурбий и пщIэри, апхуэдэ щыкIэкIэ, утыку кьылъхьа зэрыхъуам и мызакъуэу, щIэблэщIэм я пашхъэ лъагэуи кьыщыIэта хъуэ.

Зы лъэныкъуэкIэ кьапщтэмэ, Нурбий и гугъу пщIынбр тыншщ, апхуэдизкIэ ар цIыху кьыззэригъуэкIуэфу, Іуэхум и хэкIыпIэ иунэкIэ тIыфу щытащи. ЖыпIэнуращи, ар ныбжьэгъу зыхуэмэхьу щIагъуэ щыIэтэкъым.

Псэлъэгъу хуэхъуам, гъуджэм иплъэм хуэдэу, абы дежь курыхьу зыщIыплъагъужьт, дзыхь зыхуригъэщIыфырт. НэгъуэщI лъэныкъуэкIэ укъеплIмэ, егъэджакIуэм уегупсысыжьынкIэ дапщэщи гугъуэ, Нурбий ешIэ егъэджакIуэт, гъэсакIуэт, ущиякIуэт. ЦIыкIуэм щIэныгъэ ябгъэдилъхьэным, гунэс защищIыным кьищынэмыщIауэ, ар къызэрилэжьын гуащIи зрикъуэкIырт абы - ныбжьым хуэфащэну а щIэныгъэр шыбзэм щIигъэкIырт, гущIэм иритеIэбэну псалъэхэр зэригъэкIэсырт, зэхущIыкIым иригъэзэгъыну щапхъэхэр кьыхихырт. Езым зиумысыжырт, нобэрей дерсыр мыл цIэнтхъуэрыгъуэм хуэдэщ, сыхуэзакъыпэурэ зызгъэхьэзыращ, жиIэу. И Іуэхум гу кьабзэ-псэ кьабзэкIэ бгъэдэт цIыхум и гугъу щIыпщIкIэ, кьилытэ псоми еплъыжьын хуей мэхъу.

Кьуажэм зы зэхуэх гуэр щыIэу, Нурбий и цIыхущхьэкIэ кьыззэрымыкIуэу зэрыщIэтам лIыжьхэр тепсэлъыхь щыхъум, и унэкъуэщ дадэр, Жылау Хьэпащ1э жьхуаIэр, къэпсалъэри: «Нурбий кьыбгурыIуэн щхьэкIэ, ар кьэзылъхуахэр зыхуэдэр пщIэн хуейбц, драмыжьэ псори дахэжьыIуэ кьэнэжьнурац», - жиIэ1ат. Ныбжьышхуэ кьэззыгъэщIу, жьыщхьэ махуэу дунейм тета Хьэпащ1э зи гугъу ищIар гурыIуэгъуэт. Сыт хуэдэфIми убланIэ иIэщ. Шэч хэмылъу, Нурбий зыдэлпъеин, щысэтехыпIэ ищIын нэхъыжьыфIхэр Жылаухи



И унагъуэм яхэсщ. *2002 гъэ*

ЛампIэжьыкъуэрэ Джылаурэ

ІЭЩIАГЪЭР гурыхь ящыхъэрэ егупсэнымэ, «ГъащIэпсыр щыкIар, ЛампIэжьыкъуэ щаупсар?» псэльафэ дахэр зеикъуэ лIыжьхэм жаIэу куэдрэ зэхэпхынущ. Хьэбар зыпIытъ жыIэгъуэщ. ЛампIэжьыкъуэр щыпIэ-щIэщ, Іуащхьэми, тIуащIэми, къуэми, а къуэм щызэхэлъдэж псы цIыкIуитIми апхуэдэу еджэу. Хьэрэкхъуэрэ и Іэгъуэблагъэхэм хуэзэ мы щIыпIэ дахэхэр игъащIэми щIыхь кIуапIэщ, джаур зауэжьым зэхэзыхуа ищIа куэдми щтапIэ яхуэхъугъат. ЛампIэжьыкъуэ псэупIэ зыщIахэм ящыщщ Псыжь лъэныкъуэкIэ кьызэрикIыжам щыфIэкIауэ, зыщыщри кьызыхэкIари ямыщIэ Джылау.

